



Pou Piblikasyon Imedya: 13/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN SANT TEKNOLOJI 4.8 MILYON DOLA
POU ANSYEN KONBATAN YO AVÈK FAKILTE JENI TANDON NAN INIVÈSITE
NEW YORK LA**

***Nouvo Laboratwa Ansyen Konbatan Future Lab ki pral fèt nan Sunset Park la ap
Agrandi yon Fòmil Reyisi pou Antreprenè yo***

***Fakilte Jenl an pral Ofri Bous Detid Konplè bay Ansyen Konbatan yo pou
Pwogram Preparasyon Metriz “Yon Pon pou al Tandon an”***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse lansman laboratwa Future Lab la, ki se yon nouvo sant jèn konpayi teknoloji avèk Fakilte Jeni Tandon nan Inivèsite New York (NYU Tandon School of Engineering) la k ap ofri mantora ak sipò pou jèn konpayi ki nan estad ki fenk kòmanse ansyen konbatan Etazini yo te fonde yo. Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan yo (Veterans Future Lab), ki sitiye nan Industry City sou bò rivaj dlo Brooklyn lan, pral ofri espas enkibatè sibvansyone premye ran ak antreprenarya avanse pou ansyen konbatan yo ak jèn konpayi ki fenk kòmanse yo atravè aksè yo pral gen a konseye modèl yo ak lidè endistri a yo, evènman kominotè yo ak lòt sèvis antreprenarya espesifik ankò.

“Ansyen konbatan New York la yo te sakrifye anpil pou eta ak peyi nou an, epi nouvo pwogram inovatè sa a pral ouvri anpil nouvell pòt pou ewo lakay nou yo epi ede yo reyisi nan ekonomi jodi a k ap chanje rapid sa a”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an ap pote fòmasyon teknoloji avanse dirèkteman bay ansyen konbatan k ap travay di yo, epi asire yo gen konpetans, sipò ak opòtinite pou kwasans alontèm yo bezwen pou yo pouswiv karyè yo reve a yo.”

Eta New York la te atribiye 1 milyon dola pou laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan yo atravè Faz V inisyativ Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council). Lè yo ranpli kapasite espas la, yo atann pou laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan enkibe jiska 15 konpayi ki nan estad kwasans chak ane ak sipò kreyasyon jiska 50 nouvo djòb chak ane.

Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an pral sitiye nan Industry City nan Sunset Park sou bò rivaj dlo Brooklyn lan. Sant antreprenaryèl la pral ofri biwo, sal konferans pou lokatè yo, epi l ap gen yon espas pwototip k ap disponib pou tout lokatè Industry City ak manm kominote Sunset Park la yo. Anplis de sa avantaj tradisyonèl laboratwa

Future Lab Tandon Inivèsite New York la, ki gen ladan aksè a pwofesè Tandon Inivèsite New York la yo, lidè endistri yo, evènman kominotè yo, espas biwo yo sibvansyone yo, ak sèvis antreprenarya espesifik tankou sèvis legal, sèvis piblisite, ak sèvis konsepsyon yo, NYU Tandon pral ofri bous detid konplè pou ansyen konbatan ki enskri nan [“Yon Pon pou al Tandon an \(A Bridge to Tandon\)”](#). Pwogram entansif sa a ap prepare sila yo ki pa gen yon diplòm jeni pou pwogram detid metrize nan jeni an yo. Barclays pral plis fè vanse laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an lè yo rantabilize konpetans ak konesans lidè prensipal yo, ofri mantora epi sèvi kòm prezantatè envite pou yo pataje eksperyans yo gen nan biznis ak konesans nan sijè a.

“Se responsablite nou pou nou asire gason ak fanm brav ki mete lavi yo an danje pou yo pwoteje libète nou an yo resevwa sipò yo bezwen pou yo reyisi lè yo retounen lakay yo apre yo kite liy danje a”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare**. “Lè nou ofri ansyen konbatan nou yo yon sant jèn konpayi kap bay mantora ak sipò nan estad kòmansman biznis yo, nou ap mete yo nan yon pozisyon pou yo gen zouti yo bezwen pou yo lanse ak devlope pou yo vinn fè pati istwa pwochen siksè espri antreprenè a yo.”

“Nou dwe asire kwasans ekonomik ak siksè Eta New York la aksesib pou kominote ansyen konbatan nou an”, **Prezidan, PDG ak Komisyone Empire State Development (ESD) Howard Zemsky te deklare**. “Lè nou retire baryè ki anpeche patisipasyon ekonomik epi konekte ansyen konbatan yo ak zouti, resous, ak espas pou antreprenarya a, nou ka repeye gason ak fanm k ap sèvi nan lame nou yo epi asire yo gen opòtinite pou yo patisipe nan avni yo goumen ak anpil bravou pou li a.”

“Nou enòmèman fyè de anpil ansyen konbatan nou gen nan kominote nou yo -- etidyan, pwofesè, anplwaye, ak ansyen etidyan yo - epi nou te pran yon angajman solid pou nou sipòte yo pandan y ap pouswiv objektif akademik, pwofesyonèl, ak pèsonèl yo”, **Prezidan NYU a, Andrew Hamilton te di**. “Se poutèt sa nou kontan anpil pou nou tabli Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an, paske li relye pwogram NYU genyen k ap sipòte ansyen konbatan yo ak kominote antreprenaryèl dinamik NYU a, sa k ap ede manm fòs lame a nan pouswit pwofesyonèl yo apre yo kite sèvis lame a.”

“Byenke nou gen anpil siksè avèk lòt antite antreprenaryèl yo, nou ap pran yon apwòch diferan avèk laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an”, **Kurt Becker, ki se Vis Rektè pou rechèch, inovasyon, ak espri antreprenarya NYU Tandon an, te di**. “Piske laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an ap konsantre sou lokatè yo olye de yon sektè teknoloji espesifik, nou pral travay ak ansyen konbatan nou yo pou nou konsevwa yon pwogram ki apwopriye pou bezwen espesifik yo. Gras a sipò Eta New York la ak patenarya a epi finansman Barclays la, nou ap kapab rantre nan nouvo lokalite nan Industry City kote inovasyon konsiderab k ap fèt atravè tout konplèks yo ka enspire manm nou yo chak jou.”

Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an, yo te lanse an 2009 la, te ede konpayi yo kreye plis pase 1,500 djòb epi atenn yon enpak yo estime a 550 milyon dola sou ekonomi lokal la. Dènye Future Lab la se yon pwolonjman yon sant antreprenaryèl pilòt epi l ap rejwenn lòt inisyativ Tandon genyen ki konsantre sou ansyen konbatan yo, tankou Fòmasyon Antreprenaryèl pou Ansyen Konbatan an (Veterans Entrepreneurship Training, VET), ki se yon pwogram Manm Asanble Joe Lentol te patwonnen an k ap dire 10 sèmèn pou ede ansyen konbatan ak konjwen militè yo. VET disponib pou ansyen

konbatan ki gen konpayi ki nan estad kòmansman yo oswa ki gen ide pou yo met yon konpayi sou pye. Patisipan nan pwogram lan aprann nan men espesyalis akademik ak lidè endistri a yo atravè aprantisaj eksperyans pratik, mantora, ak pwojè kapstòn yo. Atravè fòmasyon sou biznis ak teknoloji pwogram lan, yo pral bay patisipan yo zouti pou yo fè enspirasyon vinn tounen opòtinite karyè ak nouvo konpayi.

Manm Kongrè Nydia M. Velázquez te deklare, “Antanke yon Demokrat premye ran nan Komite Ti Biznis Lachanm lan, mwen te wè anpil fwa ankò kijan ansyen konbatan yo byen pozisyon pou yo pouswiv espri antreprenarya yo. Inisyativ sa a pral ede plis fanm ak gason nan sèvis lame nou yo rantre nan biznis pou tèt yo pandan yo ap reyantre nan lavi sivil la. Mwen kontan anpil pou nou wè pwogram sa a lanse, epi, pou bò kote pa m, mwen pral kontinye travay pou nou sekirize resous federal adisyonèl pou pwogram biznis ansyen konbatan yo ap benefisye yo”.

Senatè Thomas Croci te deklare, “Ansyen konbatan te sakrifye anpil pou opòtinite nou genyen yo. Pou aksyon kouraje yo ap fè yo, nou dwe ba yo sipò epi rete kreyatif nan fason nou ap ede yo planifye ak pwodwi pou pwòp siksè yo alavni. Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an pral ede yo jwenn espas, zouti ak sipò yo bezwen pou yo fè sa menm. Mwen aplodi Gouvènè a pou pwogram jèn konpayi vital sa a epi mwen ankouraje tout Ansyen Konbatan ki bezwen sèvis sa yo pou yo patisipe”.

Asistan Pòtpawòl a, Felix W. Ortiz te di, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo paske lap lanse Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an, ki se yon jèn konpayi teknoloji ak avèk Fakilte Jeni Tandon nan Inivèsite New York la ki pral sitiye nan Industry City sou bò rivaj dlo Brooklyn lan. Nou dwe ofri mantora pou gason ak fanm entèlijan ak brav nou yo ki te deja sèvi epi k ap kontinye sèvi peyi nou an. Pwogram sa yo pral non sèlman avantaje pou fanm ak gason k ap sèvi nan lame nou an yo men tou l ap bon pou kominote ki konsantre sou sèvis teknolojik ak inovatè yo”.

Manm Asanble Joseph Lentol te di konsa, “Lè Pwogram Fòmasyon Antreprenaryèl pou Ansyen Konbatan yo a te premye kòmansman nan NYU, rèv la te pou yo evantyèlman gen yon espas ki dedye a yo menm. Gras a Gouvènè a ak Barclays espas ki pou dedye a yo menm lan vinn yon reyalyte. Gid NYU Tandon te bay deja pral agrandi plis nan Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an. Ansyen konbatan nou yo vrèman ap gen yon sèvis konplè ki pral bay yo zouti yo bezwen pou yo reyisi”.

Manm Asanble Michael DenDekker te deklare, “Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo paske l ap lanse Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an. Mwen atann pou ide inovatè ak espri antreprenarya kap soti kòm rezilta pwogram sa nap antreprann la. Ansyen konbatan an yo pral benefisye de mantora Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan ap ofri a, sa k ap lakoz vinn gen yon anviwonman teknolojik k ap devlope nan Eta New York la”.

Prezidan Brooklyn Borough a, Eric Adams te di, “Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an pral chache pami espri antreprenè travayè inovatè ki te sèvi nan lame peyi nou an yo epi k ap chache kreye pwosperite kounye a pou yo devlope kominote yo. Mwen aplodi nouvo patenarya sa a ki gen ant Eta ak NYU Tandon an, epi mwen atann pou m wè konpayi ansyen konbatan yo ap dirije kap pral soti nan sant jèn konpayi Sunset Park sa a”.

Laboratwa Future Lab Ansyen Konbatan an ap aksepte aplikasyon kounye a. Pou jwenn plis enfòmasyon, klike [isit la](#).

Gouvènè Cuomo te siyen Lwa sou Biznis ki Sèvi Andikape Ansyen Konbatan yo Posede a (Service-Disabled Veteran-Owned Business, SDVOB) an 2014, sa ki te kreye yon Divizyon ki Sèvi Devlopman Biznis Ansyen Konbatan Andikape yo nan Biwo Sèvis Jeneral la (Office of General Services). Divizyon an ap travay pou l pwomouvwa opòtinite ak devlopman ekonomik nan kominote ansyen konbatan an yo, epi ankouraje ak sipòte Biznis ki Sèvi Andikape Ansyen Konbatan yo Posede a pral jwe yon pi gran wòl nan ekonomi eta a lè li ogmante patisipasyon yo nan opòtinite pou yo rantre nan kontra ak Eta New York. Depi 2014, yo te sètifye plis pase 400 SDVOB, pou gen aksè a 63 milyon dola nan opòtinite pou yo rantre nan kontra ak eta a.

An 2014, Gouvènè Cuomo te mande Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la pou l ankouraje patisipasyon ansyen konbatan yo nan mendèv la ak nan pwosesis Aplikasyon pou Finansman Konsolide a (Consolidated Funding Application, CFA). Kòm konsekans, Konsèy Rejyonal la te travay ak gwoup soutyen lokal ansyen konbatan yo pou yo vinn rann ansyen konbatan yo konsyan de finansman eta gen disponib pou devlopman ekonomik; patwonen finansman pou sant ansyen konbatan an yo; epi chache jwenn aplikan CFA ki gen ladan yo abjektif ki an rapò ak ansyen konbatan an yo. Yo te mande Konsèy Rejyonal la pou l kontinye idantifye fason yo ka kiltive konpetans ak kapasite lidè ansyen konbatan yo genyen yo pou yo kontinye amelyore ekonomi New York la. Aktyèlman la, gen plis pase 770,000 ansyen konbatan k ap viv toupatou atravè eta a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418